# ÁYYEMGI OLIMPIADA OYINLARI HAQQINDAǴI ÁPSANALAR

**Saparniyazov S.K.**
**Pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) - Ózbekstan mámleketlik dene tárbiya hám sport universiteti Nókis filialı docenti wazıypasın atqarıwshı**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20813517

Olimpiada oyınları áyyem ótmishte payda bolǵan. Áyyemgi grekler Olimpiada oyınlarınıń júzege keliwi haqqında gúrriń etetuǵın kóplep júdá gózzal ápsanalar dóretken.

Pepols haqqındaǵı ápsana dáslepkilerinen biri bolıp, ol áyyemgi Rim shayırı Ovidiydiń "Metamarfozaları"nda, hám de áyyemgi grek shayırı Pindar qosıqlarında tilge alınadı. Bul ápsanalarda aytılıwınsha, Tantaldıvń ulı Pelops onıń janajan qalası Sirildi Troya shaxı II basıp alǵanınan soń watanın tárk etip, Greciya qırǵaqları tárepke jol aladı. Bul jurttıń qublasındaǵı yarım atawlardıń birinde jasap qaladı. Sonnan beri bul yarım ataw Peloponnes dep atalǵan. Kúnlerden bir kúni Pelops Enomaydıń qızı – sahıpjamal Gipodamiyanı kórip qaladı. Enomay Peloponnestiń arqa-batısında, Alfey dáryası alabında jaylasqan Pisa qalasınıń shaxı bolǵan. Pelops Enomaydıń gózzal qızın súyip qaladı hám shaxtan qızın oǵan beriwdi sorawǵa batınadı. Biraq, bul ańsat is bolıp shıqpaydı. Gáp sonda, kohin (boljawshı) Enomayǵa óz kúyewiniń qolınan óletuǵının boljaǵan boladı. Bunday ayanıshlı táǵdirdiń aldın alıw maqsetinde Enomay qızın ulıwma erge bermewge qarar etedi. Biraq, buǵan qalay erisiw múmkin? Gipodamiyaǵa úylenbekshi bolǵanlardıń barlıǵın da artqa qaytara almaydı-ǵoy? Kórlegen múnásip kúyewler sahıpjamal máliykaǵa erisiw úmitinde oǵan jawshı jiberedi. Enomay olardıń barlıǵına da sebepsiz joq dey almaǵanlıǵı sebepli júdá awır shárt oylap tabadı: ol Gipodamiyanı tek onı eki dóńgelekli grek sawash arbaları jarısında ózin jeńgen jawıngerge ǵana hayallıqqa beretuǵının járiyalaydı. Lekin, dawager jeńilse, óz ómiri menen juwap beretuǵının atap ótedi. Pútkil Greciyada arba basqarıw ónerinde Enomayǵa teń keletuǵın adam bolmaydı, onıń atları da samalday ushqır edi-dá. Sonnan keyin Enomay qorǵanı tárepke gózzal Gipodamiyaǵa úyleniw ushın ómirinen de waz keshken jaslar birinen soń biri jol aladı. Enomay dawagerlerdi óltirip, basqalarǵa órnek bolıwı ushın olardıń basların sarayınıń dárwazasına asıp qoyadı. Biraq, bul da Pelopstı joldan qaytara almaydı. Ol reyimsiz shaxtı hiyle menen jeńiwge qarar etedi. Enomaydıń arbakeshi Mitril menen kelisip, dóńgelekti kósheri tutıp turatuǵın sınanı alıp taslaydı. Jarıs baslanıwı aldınan hár dayımǵıday, jeńisine isenimi kámil bolǵan Enomay, Pelopsqa báygini bir ózi baslawın buyıradı. Kúyewlikke dawager óziniń sawash arbasında finish tárepke alǵa taslanadı. Enomay bolsa asıqpay qudaylar qudayı Zevske qurbanlıq keltirip, tek sonnan keyin qarsılasınıń izinen jolǵa atlanadı. Mine, Enomaydıń sawash arbası Pelopsqa jetip, Tantaldıń ulı Pisa qalasınıń shaxı atlarınıń qızǵın nápesin jelkesine túygen bir máhál ol artına burılıp, shax wahahalap, nayzasmın kótergenine kózi túsedi. Biraq, áyne sol waqıtta Enomay arbasınıń dóńgelekleri shıǵıp ketedi hám ol awdarılıp, ústindegi qáhárli shax jerge jıǵılıp óledi. Pelops Pisa qalasına saltanatlar menen qaytıp kelip, sahıpjamal Gipodamiyaǵa úylenedi, Enomay saltanatına iye bolıp, óz jeńisiniń húrmetine Olimpiada qalasında sport bayramın shólkemlestiredi hám bul saltanatlardı hár tórt jılda bir márte qaytalap turıwǵa qarar etedi.

Basqa ápsanalarda aytılıwınsha Zevs, Olimpiada qalasında jasawshı atası Kron qábiriniń jaqınında juwırıw jarısların ótkergen. Usı jarıslarda atası ústinen jeńiske erisken sportshılardı jeńip, oǵan álem ústinen húimranlıq keltirgen jeńisi húrmetine, Zevs shólkemlestirgen dep aytıladı. Biraq, Gomer, Pindar Olimpiada oyınlarınıń jeńimpazları húrmetine jazılǵan óz qosıqlarında tilge alatuǵın ápsana ótmishte eń tanımalı, málim hám ataqlı esaplanǵan. Bul ápsanaǵa kóre, Olimpiada oyınlarında altınshı qaharmanlıǵın kórsetken Gerakl – (Elida shaxı Avdiydiń mal háwlisin

tazalaǵanınan sońtiykar salǵan eken). Avdiy esap-sansız mal-dúnyaǵa iye bolıp, ásirese, onıń qaramal padaları júdá kóp bolǵan.

Gerakl eger Avdiy óz mallarınıń onnan birin beriwge razı bolsa, mine usı úlken patsha háwlisin bir kúnde tazalap beriwin aytadı. Bunday jumıstı bir kúnde orınlawdıń ilajı joq dep esaplaǵan Avdiy razı boladı. Gerakl mal háwlisin orap turǵan diywaldı eki qarama-qarsı tárepinen buzıp, Alfey dáryasın toǵan menen buwadı hám onıń suwların Avdiydiń mal háwlisine baǵdarlaydı. Suw bir kún ishinde háwli ishin tazalaydı, sonnan keyin Gerakl jáne diywallardı qayta tiklep qoyadı.

Gerakl, Avdiy aldına óz haqın talap etip kelgeninde shax oǵan hesh nárse bermey, quwıp jiberipti. Gerakl Elida shaxınan ósh alıwǵa qarar etedi. Ol úlken armiya menen Elidaǵa bastırıp kirip, qanlı sawashta Avdiydi jeńip, onı óltiredi. Avdiy ústinen erisilgen jeńisten soń Gerakl Pirsa qalası jaqınında iye bolǵan barlıq oljasın Olimpiada qudaylarına qurban etedi hám keyin ala hár tórt jılda bir márte muqaddes alapta ótkerip turılǵan Olimpiada oyınların shólkemlestiredi.

Olimpiada oyınları payda bolıp, jaratılıwınıń jáne kóplep basqa ráwiyat hám gipotezaları da bar. Biraq, ápsana, toqıma formasına iye bolǵan bunday gipotezalar báribir ańızlıǵınsha qala beredi. Biykarlap bolmaytuǵın dálillerge kóre, Olimpiada oyınlarınıń payda bolıwı miloddan aldıńǵı IX ásirge tuwra keledi. Ol dáwirde awır urıs hám soqlıǵısıwlar grek mámleketlerin wayran etken edi. Ifit – aymaǵında Olimpiada qalası jaylasqan kishirek grek mámleketi Elidanıń shaxı, óz xalqı hám jurtın urıs apatı hám talan-taraj bolıwınan saqlap qalıw maqsetinde boljawshı menen másláhátesiw ushın Delfaǵa jol aladı. Boljaw, hám másláhátlerdiń barlıǵına sózsiz ámel etetuǵın delfalı boljawshı Ifitke qudaylarǵa xosh keletuǵın Oyınlar shólkemlestiriwdi másláhát beredi. Ifit sol zamatta óziniń qúdiretli armiyası – Sparta shaxı Likurg penen ushırasıwǵa atlanadı. Ifit hár tárepleme jaqsı diplomat bolǵan bolsa kerek, óytkeni, Likurg onıń gáplerine qosıladı. Sol kúnnen baslap Elida neytral mámleket dep tán alınıwı shártligin málim etedi. Barlıq bir-biri menen gúresip atırǵan kishi hám de párshelenip ketken mámleketler bul qararǵa qosıladı. Tez arada Ifit, qudaylarǵa minnetdarshılıǵınıń belgisi sıpatında hám de óziniń tınıshlıq súyer umtılısların kórsetiw maqsetinde hár tórt jılda bir márte Olimpiada qalasında bolıp ótetuǵın Atletika oyınların shólkemlestiredi. Olardıń ataması – Olimpiada oyınları da mine usı qala atınan alınǵan. Eramızdan aldınǵı 884-jılda júz berdi. Usı tárizde Greciyada bárshe tórt jılda bir márte qural-jaraǵın jıynastırıp qoyıp, jarıslarda kúshi, shaqqanlıǵın kórsetip, gúresiw ushın hár tárepleme uyǵın rawajlanǵan atletlerge hayran qalıp, qudaylardı húrmetlew maqsetinde Olimpiadaǵa jol alatuǵın dástúr payda boladı.

Olimpiada oyınları pútkil Greciyanı átirapında birlestirgen ulıwmamilliy hádiysege aylanıp, oǵan shekem hám onnan keyin de Greciya kóplep tarqaq, óz-ara dushpanlıq etip atırǵan mámleketlerden ibarat bolǵan.

Aradan málim waqıt ótkennen keyin, grekler Olimpiada oyınlarınıń birden-bir kalendarın shólkemlestiriw ideyası menen shıqtı. Olimpiadanı turaqlı ráwishte hár tórt jılda bir márte "biyday orımı hám júzim teriw" payıtı arasında ótkeriwge qarar etildi. Kóp sanlı diniy máresimler hám sport jarıslarınan quralǵan Olimpiya bayramı, dáslep bir kún, soń bes kún dawamında ótkerilgen bolsa, bara-bara onıń dawamlılıǵı bir ayǵa jetti. Bayram tek bir kún dawam etken dáwirde, ol ádette, jazǵı quyash turıwınan soń ay tolǵan birinshi kúnnen baslanatuǵın "muqaddes aydıń" on segizinshi kúni ótkerilgen. Bayram hár tórt jılda tákirarlanıp, bul dáwir "Olimpiada", yaǵnıy, grek Olimpiada jılın quraǵan.

Eramızdan aldıńǵı 776-jılı Olimpiada bayramı barlıq grek mámleketleri arasında tán alındı. Bul jıl Olimpiada oyınlarınıń dáslepki jılnama beti bolıp qaldı. Áyyemgi greklerde dańqlı dástúr bar edi: Olimpiada jeńimpazları – olimpioniklerdiń ismleri Alfey dáryasınıń jaǵası boylap ornatılǵan

mramor ústinlerde oyıp jazılǵan. Bul dástúr sebepli biz áne usı sáne, yaǵnıy, eramızdan burıńǵı 776-jıldı, birinshi jeńimpaz – elladalı aspaz Koreb bolǵanlıǵın bilemiz. Keyingi jarıslarda Pifagor (mushlasıw bellesiwi), Arximed, Sofokl, Sokrat, Platon (juwırıw) hám óz dáwiriniń basqa da ataqlı alımları Olimpiadanıń jeńimpazı hám sıylı orın iyeleri bolǵan.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1.G'ofurov B.X. Jismoniy tarbiya va olimpiya harakati tarixi. O'quv o'llanma. T., 2023